

## SI LAPOLIS ARETE OU

- Sio arete ou epi akize ou pou yon krim, imedyatman di konsa: “Mwen vle rete an silans” epi di “Mwen vle pale avèk yon avoka.” Si ou pa kapab peye yon avoka, ou gen dwa pou jwenn youn pou gratis.
- Pa pale, pa siyen anyen, oswa pa pran nenpòt desizyon san ou pa gen yon avoka.
- Ou gen dwa pou fè yon koutfil. Lapolis pa kapab koute sa w ap di si w ap pale avèk yon avoka.
- Prepare ou sizoka lapolis arete ou. Sonje nimewo telefòn fanmi ou ak nimewo telefòn avoka ou. Fè plan ijans si ou gen timoun oswa si w ap pran medikaman.
- Apre lapolis arete ou, idantifye enfòmasyon sou ou, tankou anprent ou, yo kapab voye enfòmasyon yo ba ICE imedyatman. ICE kapab jwenn nimewo telefòn ou ak adrès ou.

## SI LAPOLIS ARETE YON MOUN KI PA SITWAYEN AMERIKEN

- Si lapolis akize ou pou yon krim, fè avoka kriminèl ou konnen sitiyasyon imigrasyon ou. Konsekans imigrasyon nan yon kondanasyon kriminèl kapab grav pase pinisyon an pou krim nan sèlman.
- Pa pale sou sitiyasyon imigrasyon ou avèk okenn moun, sof avèk avoka ou.
- Pandan ou nan gadavi, yon ajan imigrasyon ka vizite ou. Pa reponn kesyon oswa pa siyen anyen anvan ou pale avèk yon avoka.
- Ou gen dwa pou refize siyen dokiman san ou pa konsilte avèk avoka ou.

## SI IMIGRASYON (“ICE”) METE OU AN GADAVI

- Ou gen dwa pou jwenn yon avoka, men gouvènman an pa gen pou ba ou youn.
- Ou gen dwa pou kontakte konsila peyi ou, oswa mande yon ofisyè pou fè konsila peyi ou konnen yo arete ou.
- Pa pale sou sitiyasyon imigrasyon ou avèk okenn moun, sof avèk avoka ou. Pa siyen anyen anvan ou pale avèk yon avoka.
- Jwenn yon nimewo nan dokiman administratif ICE ou epi bay li pou fanmi ou. Ou bezwen nimewo A sa a pou jwenn enfòmasyon ou nan tribinal imigrasyon ak adrès kote ou an gadavi.
- Ou gen dwa pou li dokiman ICE ba ou yo nan yon lang ou konprann oswa pou mande pou yon moun tradui yo pou ou. Jwenn yon kopi tout dokiman ICE mande ou pou siyen epi pou kenbe ou sa vèk ou nan gadavi.

## I FBI KONTAKTE OU

- Si yon ajan FBI vini lakay ou oswa nan travay ou, ou pa gen pou reponn okenn kesyon. Di ajan an ou vle pale avèk avoka ou anvan.
- Si ajan an mande ou pou rankontre avèk ajan FBI yo pou yon entèvyou, ou gen dwa pou di ou pa vle pou yo fè entèvyou.
- Si ou dakò pou yon entèvyou mande pou avoka ou prezan. Ou pa gen pou reponn nenpòt kesyon ou santi ou pa alèz pou reponn, epi ou kapab di w ap reponn kesyon yo sèlman sou yon sèten sijè.

## ENFÒMASYON PRIVE OU AK TEKNOLOJI

- Kenbe pwofil medya sosyal ou prive epi reflechi sou ki enfòmasyon w ap bay sou lavi ou nan medya sosyal.
- Sonje telefòn ou kapab endike adrès ou tou, epi konpayi yo bay enfòmasyon sa a youn ba lòt epi ba ICE.
- ICE ap kenbe telefòn ou si yo arete ou avèk li epi ajan ICE yo kapab fè rechèch nan telefòn ou san pèmasyon ou nan kèk sikonstans.

## SI OU PANSE YO VYOLE DWA OU

- Sonje: ou pa kapab konteste move konduit lapolis nan lari. Pa fè rezistans fizik kont lapolis oswa pa menase pou fè yon plent kont yo.
- Ekri tout sa ou sonje, tankou badj ofisyè a ak nimewo oto patwouy li avèk ajans kote ofisyè a te soti, ak nenpòt lòt detay. Jwenn enfòmasyon kontak pou temwen. Si pou pran chòk, fè foto chòk ou yo (men chèche atansyon medikal anvan).
- Depoze yon plent ekri nan divizyon afè entèn ajans lan oswa nan konsèy plent sivil. Nan pifò ka yo, ou kapab depoze yon plent yon fason anonim si ou vle.
- Depoze yon plent nanm ACLU oswa RI depi ou voye yon imèl nan [info@riaclu.org](mailto:info@riaclu.org), oswa rele nimewo (401) 837-7171.

Nou depannde lapolis pou kenbe nou an sekirite epi pou trete nou san paspouki, kèlkeswa ras nou, gwoup etnik nou, peyi kote nou soti oswa relijyon nou. Kat sa a bay kèk konsèy pou fè konvèsasyon avèk lapolis epi pou konprann dwa ou.

**Nòt:** Kèk lwa leta ka pa menm. Gen règ apa ki aplike nan tchèk-pwen ak lè w ap antre nan Etazini (tankou nan ayewopò). Tiliv sa a pa reprezante konsèy legal.

MODIFYE NAN MWA FEVRIYE 2025

**ACLU**  
AMERICAN CIVIL LIBERTIES UNION  
FOUNDATION

Rhode Island

ACLU of Rhode Island  
128 Dorrance St. Ste 400  
Providence, RI 02903  
[www.riaclu.org](http://www.riaclu.org)  
(401) 831-7171

# KONNEN DWA OU: SA POU FÈ SI LAPOLIS, IMIGRASYON, OSWA FBI KANPE OU



**Kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon oswa sitwayèn ou, ou gen dwa konstitisyonèl.**

## OU GEN DWA POU...

- **pa louvri pòt OU** sof si ICE gen yon manda *yon jij siyen*.
- **PA reponn kesyon sou sitiyasyon imigrasyon ou**, oswa nan ki peyi ou soti, lè lapolis, ajan imigrasyon, oswa lòt ofisyèl mande ou.
- **rete an silans epi refize bay konsantman ou pou yon fouy sou ou**, nan oto ou oswa lakay ou. Di “Mwen vle rete an silans” epi “mwen pa bay konsantman mwen pou yon fouy” fò awotvwa ase pou ofisyèl yo ak nenpòt temwen tande ou.
- **MANDE pou jwenn yon avoka si yo arete ou** — pa reponn kesyon yo jiskaske avoka ou la avèk ou. Ou kapab refize siyen dokiman san ou pa konsilte avèk avoka ou.
- **POZE KESYON “ÈSKE MWEN SOU ARESTASYON?”** Si ou pa sou arestasyon, ou gen dwa pou deplase yon fason kalm.
- **Resewwa dokiman nan yon lang ou konprann.** Si ou pa konprann lang Anglè, mande pou jwenn yon entèprèt.

## RESPONSABLITE OU YO

- Rete kalm ak poli
- Pa mache avèk grinkat ou sou ou, si ou gen youn. Ou ka gen pou montre li ba ajan imigrasyon. Si ou pa gen papye imigrasyon, di konsa “ mwen rete an silans.”
- Mande pou jwenn yon entèprèt si ou bezwen youn.
- Sonje detay sa ki te pase a.
- Pa fè rezistans fizik kont lapolis oswa ajan imigrasyon yo.
- Pa bay manti oswa pa bay yon fo non oswa fo dokiman.

## PREPARE OU POU YON ARESTASYON ICE

- Mache avèk sa sou ou pou ou kapab konnen dwa ou.
- Sonje youn oswa de nimewo telefòn moun ou kapab rele si yo arete ou. Ou p ap kapab itilize telefòn ou apre yo arete ou.
- Konsève kopi dokiman enpòtan ou yo nan yon espas ki pwoteje kote yon moun kapab jwenn yo, ak nenpòt medikaman ou bezwen.
- Fè yon plan ijans pou fanmi ou pou swen timoun ou yo si yo arete ou.

• *Gen règ apa ki aplike nan fwontyè ak ayewopò entènasyonal. Pou moun ki sou sèten viza non-imigran, ou ka gen obligasyon pou reponn kèk kesyon sou sitiyasyon imigrasyon ou.*



2

## SI YO KANPE OU OSWA SI Y AP KESYONE OU

- Rete kalm Pa kouri. Pa diskite avèk lapolis oswa pa fè rezistans kont yo menmsi ou inosan oswa menmsi lapolis vyole dwa ou. Mete men ou kote lapolis kapab wè yo.
- Ou pa gen pou reponn okenn kesyon, tankou pou bay non ou ak peyi kote ou soti. Ou kapab di “mwen vle rete an silans.”
- Poze kesyon “èske mwen sou arestasyon?” Si se pa sa mache pou ale yon fason kalm.

### SI LAPOLIS KANPE OU

- Ofisye lapolis pa gen pèmasyon pou fè fouy (oswa pou mande ou pou fè fouy) sou pyeton ak timoun sof si ofisye yo gen yon bon rezon pou kwè moun yo patisipe nan yon krim.
- Ou pa gen pou dakò pou yo fè fouy sou ou oswa sou afè ou. Lapolis ka “bay ti tap” sou rad ou si yo kwè ou gen yon zam.
- Si lapolis mete ou sou arestasyon, ou gen dwa pou konnen pou kisa.

### SI AJAN IMIGRASYON (“ICE”) KANPE OU

- Sa pou Sonje: Ou pa gen pou pale. Ajan ICE yo souvan fè yon arestasyon apre yo senpleman mande ou non ou.
- Pa montre ajan ICE yo yon ID yon lòt peyi oswa pa bay yo manti sou sitwayènte ou.
- Si ajan ICE yo di y ap arete ou, pa reponn okenn kesyon yo poze ou. Rete an silans epi mande pou jwenn yon avoka. Ou kapab refize siyen dokiman jiskaske ou pale avèk yon avoka.
- Di konsa “mwen pa bay konsantman mwen pou fè yon fouy” si y ap fouye pòch ou oswa afè ou yo.
- Ajan ICE yo kapab gen machin anprent. Ou kapab refize pou yo fè anprent ou si yo pa t arete ou.

3

## SI YO KANPE OU NAN OTO OU

Kanpe oto a nan yon kote ki san danje san pèdi tan. Etenn motè oto a, limen limyè andedan an, desann vit la enpe epi mete men ou volan an.

### SI LAPOLIS KANPE OU

- Si yo mande ou, montre lapolis lisans chofè ou anrejistremant oto a ak prèv asirans ou.
- Si yon ofisye mande ou pou gade andedan oto ou, ou pa ta dwe dakò pou fouy la. Si lapolis panse oto ou gen prèv yon krim ladan, yo kapab fè fouy nan oto ou san konsantman ou.
- Chofè yo ak pasaje yo gen dwa pou rete an silans. Si ou se yon pasaje, ou kapab mande si ou libelibè pou ale. Si ofisye a reponn wi, chita an silans oswa ale yon fason kalm. Kòm yon pasaje, ou pa gen pou gen yon ID sou ou men ofisye a ka mande ou pou montre li oswa pou fè li konnen non ak adrès ou.

### SI AJAN IMIGRASYON (“ICE”) KANPE OU

- Ajan ICE yo ka mete yon vès ki endike “Police” epi yo ka pa di ou yo se ajan ICE. Mande ajan yo pou montre ou badj yo pou ou kapab konnen pou ki ajans ofisye yo travay.
- Si ajan ICE yo kanpe oto ou, ou pa bezwen di yo nan ki peyi ou soti. Di yo “Mwen vle rete an silans.”
- Si yon ajan imigrasyon mande ou pou gade andedan oto ou, ou pa gen pou dakò pou fouy la. Di konsa “Mwen pa bay konsantman mwen pou fouy sa a.”
- Ou gen dwa pou jwenn yon avoka si yo arete ou – pa reponn kesyon yo si avoka ou pa la avèk ou.

4

## SI AJAN LAPOLIS OSWA AJAN IMIGRASYON VINI LAKAY OU

Si ajan lapolis oswa ajan imigrasyon vini lakay ou, ou pa gen pou louvri pòt sof si yo gen yon manda yon jij siyen

### SI LAPOLIS VINI LAKAY OU

- Mande yo pou antre manda a anba pòt la oswa pou yo kenbe li anlè fenèt la yon fason pou ou kapab gade li.
- Yon manda pou fouy ap pèmèt lapolis antre nan adrès ki endike nan manda a, men ofisye yo kapab sèlman fè fouy nan zòn yo, epi pou atik, ki endike yo.
- Yon manda arè ap pèmèt lapolis antre nan kay moun ki endike nan manda a si yo kwè moun nan andedan kay la.
- Menmsi ofisye lapolis yo gen yon manda pou yon arestasyon kriminel, ou pa gen pou pale avèk yo. Si ou chwazi pou pale avèk ofisye lapolis yo, soti deyò epi fèmen pòt la.

### SI AJAN IMIGRASYON (“ICE”) VINI LAKAY OU

- Ajan imigrasyon yo pa kapab antre lakay ou san yon manda yon jij siyen. Dokiman ofisyèl ICE siyen sèlman pa bay yo dwa pou antre lakay ou.
- Mande ajan ICE yo pou montre ou kopi manda nan fenèt la oswa pou yo pase manda a anba pòt la. Asire manda a gen non ak siyati yon jij.
- Si ou louvri pòt la pou ajan ICE yo, ou bay yo pèmasyon pou antre lakay ou, epi ou pa kapab konteste arestasyon ICE nan tribinal annapre.
- Ajan ICE yo ka ba ou fo enfòmasyon pou yo fè arestasyon nan kay la. Li nòmal pou ajan ICE yo di y ap fè ankèt sou yon krim, oswa fwod, ou yo kapab ankouraje ou pou louvri pòt la pou pale avèk yo.
- Ajan ICE yo ka mete yon vès ki endike “Police” epi yo ka pa di ou yo se ajan ICE.

5